

SS.7.C.3.14 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap konpare obligasyon/pouvwa nan chak nivo nan gouvènman an.

Daprè Atik I nan Konstitisyon Etazini an, **gouvènman federal** la gen sèten **obligasyon**, epi yo dwe founi kèk sèvis egal ego bay tout sitwayen, kèlkeswa nan ki eta yap viv. Atik I eksplike kijan gouvènman federal la oblije kolekte taks, bay defans komen nan peyi a, ak fè lòt bagay pou ede sitwayen Ameriken. Gouvènman federal la oblije founi aksè egal ego pou sèvis gouvènman an tou, ki ka enkli asirans maladi, prè lajan pou elèv, epi ede pòv.

Eta yo gen sèten obligasyon, epi yo dwe founi kèk sèvis egal ego bay tout sitwayen nan eta a. Chak konstitisyon eta dekri sèvis ak obligasyon sa yo. Dizyèm Amanman nan Konstitisyon peyi Etazini an di ke nenpòt ki pouvwa, espesyalman delege (bay) gouvènman federal la, yo rezève (mete sou kote) pou eta yo. Sa vle di ke si pouvwa gouvènman federal la se pa Konstitisyon peyi Etazini an ki bay yo, **gouvènman eta yo** gen kontwòl sou pouvwa sa yo. Eta yo te entèprete Dizyèm Amanman an pou vle di ke yap anchaj pou bay sèvis tankou edikasyon piblik, sekirite piblik, ranfòse lalwa, ak sèten sèvis sante. Gouvènman eta yo genyen pouvwa tou pou mete anplas **gouvènman lokal yo**, ki jwe yon wòl enpòtan nan lavi sitwayen yo.

Gouvènman lokal yo genyen tou sèten obligasyon, epi yo dwe founi seten sèvis egal ego bay sitwayen yo ki abite nan zòn yo a. Gouvènman lokal yo pi pre pèp la epi yo founi pifò sèvis yo sou yon baz regilye. Sèvis lokal yo enkli lekòl yo, dlo, dlo twou ego, reparasyon wout, sèvis ijans/medikal, simityè piblik, èpòt, pò, ak plas piblik yo. Youn nan sèvis ki pi enpòtan nan nenpòt ki gouvènman lokal se chèf kap ranfòse lalwa, enkli ofisye polis vil la ak chèf depite distri a.

gouvènman eta : Gouvènman nan chak eta

gouvènman federal – gouvènman nan nivo nasyonal la; gouvènman nan peyi Etazini

gouvènman lokal – gouvènman yon minisipalite (vil) oswa distri a

obligasyon - yon egjijans, yon bagay yon moun dwe fè